



Pou Piblikasyon Imedya: 04/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AP PWOPOZE DOKIMAN LWA “SOVE DLO NOU YO” POU ENTÈDI ENFRASTRIKTI FORAJ TOU PRE LITORAL YO NAN DLO NEW YORK YO

New York Ap Bouje pou Pwoteje Kominote Kotyè yo ak 23 Milya Dola Ekonomi Marin kont Dezas Anviwònmantal yo

Dokiman Lwa “Sove Dlo Nou yo” lan Disponib [La a](#) epi Memo Dokiman Lwa a Disponib [La a](#)

Fè Tande Vwa Opozisyon Ou Kont Foraj sou Litoral yo [La a](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pwopoze jodi a dokiman lwa “Sove Dlo Nou yo” (Save Our Waters) pou entèdi yon lwe tèren yo, ki gen ladan tèren ki anba dlo yo, pou foraj ak eksplorasyon sou litoral yo, ak enfrastrikti foraj yo, nan dlo Eta New York yo. Mezi ke Gouvènè an pran pou pwoteje dlo New York yo kont eksplorasyon petwòl ak gaz yo te pwovoke pa plan administrasyon Trump lan pran pou elaji anpil foraj sou litoral nan oseyan Atlantik ak Pasifik yo.

“Plan gouvènman federal lan genyen pou ouvri dlo kotyè yo pou foraj sa montre yon mepri absoli pou syans ak istwa”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Foraj sou litoral yo ta pral fè kominote kotyè nou yo vin vilnerab pou danje devèsman petwòl yo ak lòt dezas foraj yo epi mete an danje sante ekonomi maritim djanm nou an. New York pral fè tout sa ki nan pouvwa li pou anpeche dezas anviwònmantal yo epi li pral kontinye sovgame atou sou litoral nou yo epi bay efò nou yo bourad pou sipòte devlopman enèji renouvlab yo.”

An Janvyè 2018, gouvènman federal la te menase liy kotyè New York lan ak Pwogram Petwòl ak Gaz Plato Kontinantal Ekstèn li a (Outer Continental Shelf Oil and Gas Program) pou 2019-2024, ki pwopoze pou yo mete plis pase 90 pousan nan sipèfisi total litoral nan peyi Etazini an disponib pou foraj petwòl ak gaz. Plan sa a pral ouvri de zòn Onò Kòt Atlantik la yo ki adjasan a Eta New York la pou eksplwatasyon konbistib fosil yo. Yo te dakò retire Florid nan pwogram foraj sou litoral yo sou baz ke li depann anpil de sektè touristik la antan ke youn nan pi gwo ekonomi oseyanik nan nasyon an. Gouvènè Cuomo [te mande fòmèlman](#) nan dat 9 Mas pou ke yo retire dlo New York yo nan pwogram foraj federal lan.

Dokiman lwa “Sove Dlo Nou yo” lan:

- Entèdi kontra pou pwodiksyon oswa eksplorasyon petwòl ak gaz yo nan dlo New York yo, ki gen ladan Long Island, Vil New York ak Rivyè Hudson.
- Entèdi enfrasikriki sou tèren leta ki asosye ak pwodiksyon tou pre litotal yo nan Atlantik Nò.
- Entèdi transpò petwòl brit nan dlo navigab eta yo ke yo te pwodwi nan dlo federal yo, ke yo rele “Zòn Planifikasyon Atlantik Nò a” (North Atlantic Planning Area).

New York se aktyèlman twazyèm pi gwo ekonomi oseyanik nan nasyon an, epi plan foraj sou litoral yo ke administrasyon an genyen an ap mete an danje prèske 320,000 pòs travay ak plizyè milya dola ki jenere atravè endistri touristik ak lapèch yo. An gwo, ekonomi oseyanik New York lan jenere yon anviwon 11 milya dola nan salè, epi li kontribiye nan 23 milya dola nan pwodwi enteryè bri.

Long Island ak New York Harbor se kote 11.4 milyon moun rete, e 60 pousan popilasyon eta nou an viv olon yon kot maremotris ki mezire prèske 3,219 kilomèt. Pò New York New Jersey a (NYNJ) se pi gran pò sou bò lanmè Atlantik la epi si yon gran devèsman ta entèwonpi operasyon yo sa pral devaste ekonomi nasyonal la. Pò a sipòte 400,000 djòb endirèk ak 229,000 djòb dirèk pandan l ap jenere 90 milya dola lè yo melanje revni pèsònèl ak revni biznis yo ak 8.5 milya dola nan enpo federal, eta, ak lokal yo. New York opoze ak fòs kont Pwogram Kontra Petwòl ak Gaz Plato Kontinantal Ekstèn Nasyonal Depatman Enteryè a (Department of the Interior) paske li poze yon menas inakseptab pou resous oseyanik, ekonomi ak kominote New York yo.

An plis, foraj sou litoral yo kontrè a efò agresif New York ap fè yo pou ale nan resous enèji ki pi pwòp yo, gen ladan envestisman 1.4 milya dola ki ap mennen nan nasyon an ki dedike a pwojè enèji renouvlab sou litoral yo ak yon objektif pou devlope 2,400 megawat jenerasyon van tou pre litoral yo apati 2030. Pwojè ki te benefisyè resamman yo gen ladan yo 22 fèm solè, ki ap demontre ke kouran solè a gran eskal yo vyab onivo ekonomik toupatou nan Eta a, twa pwojè ewolyèn, ak yon pwojè idwoyelektrik. Yo prevwa ke pwojè ki benefisyè yo pral jenere ase enèji renouvlab pou alimante plis pase 430,000 kay, epi redwi degajman kabòn yo de plis pase 1.6 milyon tòn metrik, sa ki ekivalan a si yo ta retire anviwon 340,000 machin sou wout yo.

Efò pou pwoteje dlo New York yo kont eksplorasyon kabiran fosil yo, foraj, ak enfrasikriki yo sa ap konplèman efò resan ke Gouvènè an te fè pou elaji resif atifisyèl yo pou amelyore lavi marin divès Eta a, epi bay bourad a endistri rekreyatif ak lapèch espòtif Long Island lan. Gouvènè an te lanse yon pwogram resif atifisyèl global ki pral deplwaye epi mete materyèl, ki gen ladan yo bato a remòk yo, penich, ak chalan yo, menm jan ak materyèl an beton epi ki pwòp ke yo te resikle soti nan demolisyon ansyen Pon Tappan Zee an, nan Long Island Sound ak Oseyan Atlantic lan. Materyo yo pral sipòte devlopman sis resif atifisyèl nan Long Island nan sit ki olaj kòt Smithtown, Shinnecock, Moriches, Fire Island, Hempstead, ak Rockaway.

Komisè DEC Basil Seggos te deklare, “Pandan ke gouvènman federal lan ap chanje politik enèjetik yo yon fason retade, ki gen enpak ki potansyèlman devastatè pou New York, Gouvènè Cuomo ap mennen nasyon an nan fiti nan tranzisyon pou ale nan yon

ekonomi enèji pwòp. Eksplorasyon petwòl ak gaz, foraj, ak dezaz relatif yo enkonpatib ak ekonomi kotyè miltimilya dola New York la. Olye nou mete sante anviwonmantal ak ekonomik zòn kòt nou yo an danje, New York ap agrandi enèji renouvlab avèk pridans nan fason responsab pou sipòte efò global eta ap fè pou redwi degajman gaz a efè sèr yo epi takle efè chanjman klimatik yo”.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, “Mezi ke Gouvènè Cuomo ap pran yo jodi a pou anpeche foraj tou pre litoral yo fèt nan Kòt Atlantik New York lan yo pral evite jenerasyon ki gen pou vini yo sibi efè ki potansyèlman devastatè yo ke foraj yo ka genyen sou kominote kotyè yo ak resous natirèl presye nou yo. Pandan ke gouvènman federal lan p’ap fè anyen pou redwi chanjman klimatik yo, New York ap leve kanpe yon fason agresif nan pouswit yon avni ki pi pwòp — yonn ki ap konbine enèji renouvlab kantou enèji ewolyèn ak solè yo ak pi plis efikasite enèjetik pou kreye kominote ki pi dirab atravè eta a”.

Manm Kongrè Jerrold Nadler te deklare, “Pwopozisyon pou pèmèt foraj petwòl ak gaz yo nan prèske tou dlo kotyè Ameriken yo se ankò yon lòt taktik administrasyon Trump lan pou detwi pwoteksyon anviwonmantal yo, epi pwomouvwa pwofi pou gwo konpayi petwòl yo. Istwa te montre nou danje yo, alafwa sou anviwonman ak sou sante piblik lan, ke foraj petwòl ak gaz lan lakòz. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt anons pwòje lwa vital jodi a pou entèdi foraj tou pre litoral yo epi pwoteje dlo New York yo”.

Senatè Todd Kaminsky, ki se Manm Wo Klase nan Komite Konsèvasyon Anviwonmantal Sena a, te deklare, “Nou gen yon devwa pou nou pwoteje planèt nou an ak resous natirèl byenfezan li yo isit la nan Long Island ak atravè eta nou an. Foraj tou pre litoral yo danjere, epi yo rale priyorite enèjetik nou yo an aryè. Menm jan ak lè mwen te dirije batay kont apwobasyon tèminal pou likefyè gaz natirèl nan Port Ambrose an de ane de sa, eta nou an bezwen kontinye mete anviwonman nou ak kouch dlo li yo an premye — espesyalman lè Washington pa rive pwoteje planèt nou an”.

Manm Asanble Steve Englebright, ki se Prezidan Komite a pou Pwoteksyon Anviwonmantal (Committee on Environmental Conservation), te deklare, “Kòlèg mwen yo nan Asanble a ansanm avèk mwen nou te dirije yon odyans nan Long Island an Fevriye epi te gen kondanasyon inanim pou pwopozisyon gouvènman federal lan pou ouvri dlo nou yo pou foraj pou petwòl ak gaz yo. Mwen kontan pou mwen rejwenn Gouvènè Cuomo pou pran mezi agresif pou ka pwoteje anviwonman New York lan kont politik regresif gouvènman federal lan. Lè nou entèdi enfrastrikti foraj tou pre litoral yo nan dlo nou yo sa pral sovgade New York kont efè ki potansyèlman devastatè yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li montre angajman reyèl nan kenbe anviwonman New York lan pwòp, bèl, epi pwoteje”.

Christine Pellegrino, ki se Manm Asanble, te deklare, “Mwen fyè dèske New York ap pran mezi ki pwogresif ki nesèsè nan pwoteksyon anviwonman nou an. Jodi a nou ap voye yon mesaj fò nan peyi an pou di ke nou pral mete sante ak sekirite kominote nou yo anvan enterè espesyal yo nan leve kanpe kont nenpòt efò pou pèmèt foraj sou litoral yo nan Long Island ak Eta New York”.

Chèf Egzekitif Konte Nassau a Laura Curran te deklare, “Nou pa pral kanpe a kote pandan ke gouvènman lokal lan ap yon lòt fwa ankò sibi atak gouvènman federal lan.

Nou kanpe ansanm ak Gouvènè Cuomo epi nou remèsye li poutèt devouman pèmanan li pou li se yon pwotektè reyèl de dlo lokal nou yo ak fason nou viv”.

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, “Moun Long Island yo chance pou yo gen yon defansè anviwòmantal ki pa pè anyen ki se Gouvènè Cuomo. Pandan ke gouvènman federal lan ap eseye detwi resous ki pi presye nou yo - dlo nou yo - Gouvènè an ap yon lòt fwa ankò kanpe djanm kont abi federal yo sou anviwòmman nou an ak nouvèl aksyon sa pou mete fen nan foraj tou pre litoral yo. Mèsi, Gouvènè, pou angajman ou pran pou pwoteje anviwòmman an pou jenerasyon fiti yo”.

Costa Constantinides, ki se Manm Konsèy Vil New York epi Prezidan Komite Pwoteksyon Anviwòmantal Konsèy lan, te deklare, “Si nou pral gen yon chans reyèl pou atenn objektif 80 pousan apati 2050 nou an, li vital pou nou elwanye nou de ekstraksyon kabiran fosil yo. Foraj tou pre litoral yo ap menase non sèlman planèt nou an men tou endistri lapèch ak touristik reyon nou yo. Nan yon moman kote gouvènman federal lan ap mete an danje avni peyi nou an, pwojè lwa Gouvènè Cuomo pou entèdi foraj tou pre litoral yo ak ekspansyon enfrastrikti kabiran fosil yo nan dlo New York yo se egzakteman modèl politik ki pral mete nou sou yon wout ki reyèlman dirab. Mwen vle remèsye Gouvènè an pou tout travay di ke li te fè pou fè eta nou an vin yon lidè nan konbat chanjman klimatik yo”.

Adrienne Esposito, Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwonman (Citizens Campaign for the Environment), te deklare, “Pandan syèk lan, endistri petwòl ak gaz lan te ranmase yon rejis rekò prejidisyab pou devèsman petwòl ak lòt dezaz anviwòmantal yo, ki te gen enpak konsiderab ki ap dire sou anviwòmman ak sante piblik nou. Foraj tou pre litoral yo ke gouvènman federal lan ap fè yo planifye ogmante yon fason konsiderab risk pou gen pi gwo dezaz anviwòmantal yo atravè rejyon kotyè yo. Pandan ke y’ap deplwaye teknoloji enèji renouvlab yo nan eta ak nasyon nou an, li ap redwi nesosite pou gen kabiran fosil yo. Nou pa ka moun estipid nan fosil yo ankò epi kontinye fè vanse foraj tou pre litoral ki demode, ki potansyèlman andomajan. Tan pou chanjman an se kounye a. Nou jwenn rekonfò dèske Gouvènè Cuomo gen yon vizyon pou eta ak nasyon nou an ki ap anbrase enèji renouvlab yo, epi fè nou fè tranzisyon lwen de kabiran detwiksif tan pase yo”.

Sarah Chasis, ki se Direktris pou Oseyan yo nan Konsèy Defans Resous Natirèl yo, te deklare, “Aksyon enpòtan jodi a ki te poze pa Gouvènè Cuomo ap voye yon mesaj pou di ke New York pa gen volonte aksepte danje ki ap vini ak foraj tou pre litoral yo. Pwopozisyon ke administrasyon Trump lan te fè pou devèsman petwòl ak gaz yo ta pral menase tout dlo kotyè nou yo, ak ekonomi kotyè ke nou konte sou yo pou manje, travay ak divètisman. Plizyè santèn milye pòs travay nan New York ak plizyè milya dola depann de plaj ak dlo ki pwòp, san petwòl, epi de lapèch ak lavi sovaj ki abondan. Pa gen rezon pou nou kotwaye danje ak foraj yo. Nou ta dwe ap investi nan yon avni enèji pwòp”.

Stu Gruskin, ofisye anchèf konsèvasyon ak zafè ekstèn pou The Nature Conservancy nan New York, te deklare, “Dlo New York yo se lakay mamifè maren ikonik, espès esansyèl ki enpòtan anpil yo tankou menhaden, ak lapèch komèsyal ki enpòtan, men pa eksplorasyon petwòl ak gaz. The Nature Conservancy nan New York aplodi Gouvènè Cuomo ak lejislatè eta nou yo, ki gen ladan delegasyon Long Island

lan, poutèt yo ap pwoteje dlo kotyè eta nou yo ak kominote yo ki depann sou yo. Nan yon moman kote nou bezwen double aksyon nou yo pou redwi chanjman klimatik yo, nou ta dwe gade nan fiti ki etabli pa objektif enèji renouvlab anbisye Eta yo ak devlopman ewolyèn tou pre litoral yo yon fasyon responsab, men pa nouvèl eksplorasyon kabiran fosil yo”.

Ana Paula Tavares, ki se Direktè Egzekitif Audubon New York ak Connecticut, te deklare, “Litoral New York yo ap bay yon kote pou moun viv, travay epi relakse yo, pandan ke y’ap sèvi kòm kèk abita pou zwazo ak lavi sovaj ki pi enpòtan nan Emisfè Rejyon Lwès lan. Nou pa bezwen di nou, zòn kotyè nou yo se pa kote pou fè foraj tou pre litoral yo. Nou bezwen prezève zòn kotyè New York yo pou jenerasyon fiti yo, epi pwojè lwa ke Gouvènè Cuomo te pwopoze a se yon pa jeyan nan bòn direksyon an. Audubon ap chèche travay ansanm ak gouvènè an ansanm ak Kò Lejislatif lan pou transfòme gwo lide sa pou vin tounen reyalyte”.

John F. Calvelli, ki se Vis Prezidan Egzekitif Afè Piblik WCS lan, te deklare, “Renesans lavi sovaj yo nan dlo yo sou zòn kotyè Vil New York lan se yon siy ankourajan. Limitasyon eksplorasyon petwòl ak gaz tou pre litoral yo sa pral ale lwen nan pwoteje dlo yo ki chaje ak lavi sovaj ki gen pami yo 40 espès reken, pwason reyon ak rajide yo, ak espès balèn ki an danje yo, ak pakèt espès pwason. Yon ekosistèm maren ki an sante nan ak alantou New York li vital pou touris, travay ak sante ekonomik global Vil lan”.

Marcia Bystryn, ki se Direktè Egzekitif Lig Elektè Konsèvasyon New York yo, te deklare, “Foraj tou pre litoral yo pa gen plas yo nan avni enèjetik New York, epi nou felisite Gouvènè Cuomo poutèt li ap batay kont pwopozisyon retade sa. Resous kotyè New York yo se faktè ki esansyèl pou ekonomi rejyonal nou an epi nou pa ta dwe mete yo an danje akoz foraj petwòl ak gaz yo”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)